



2024-2025 LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY (M-DCPS) TITLE I PARAN/FANMI ANGAJMAN SONDAJ

EN STRIKSYON:

Silvouplè li chak kesyon avèk atansyon e reponn nan meyè fason ou kapab. Repons ou yo dwe reflekte eksperyans ou pandan ane lekòl 2024-2025 a. Si w gen timoun ki ale nan diferan lekòl, ou kapab ranpli yon sondaj pou chak pitit ou. Sondaj sa a pa yon tès. Mèsì pou patisipasyon ou!

Silvouplè endike wòl ki pi byen dekri relasyon ou avèk sistèm lekòl nou an. (Chwazi youn sèlman)

____ Paran oubyen Gadyen	____ Lòt (Espesifye): _____
--------------------------	-----------------------------

Silvouplè ekri non lekòl pitit ou a anba a. _____

ENDIKATÈ	Tanpri Tcheke Youn		
	Wi	Non	Mwen pa konnen/N/A
1 Èske yo te enfòme w sou dwa ou genyen pou w mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit ou a?			
2 Èske ou te resevwa enfòmasyon konsènan pefòmans lekòl pitit ou a nan Evalyasyon Distrik oswa Eta yo?			
3 Èske ou te resevwa enfòmasyon konsènan atant sou nivo ane eskolè, metriz selon nivo ane eskolè, oubyen ki nòt pitit ou fè nan egzamen Eta yo?			
4 Èske ou te resevwa enfòmasyon konsènan egzamen estandadize, tankou "Florida Assessments of Student Thinking (FAST)" (Egzamen Florid sou Fason Elèv Reflechi), "Accessing Comprehension and Communication in English State-to-State for English Language Learners (ACCESS for ELLs)" (Aksè nan Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Anglè nan Diferan Eta pou Elèv ki Ap Aprann Anglè), "End-of-Course Assessment (EOCs)" (Evalyasyon Fen Kou), "Florida Standards Alternate Assessment (FSAA)" (Evalyasyon Altènatif pou Estanda Florid) eks., ak fason pou w ede pitit ou fè siksè nan lekòl?			
5 Èske ou te resevwa enfòmasyon konsènan fason pou w suiv e kontwole pwogrè pitit ou? (egz. Pòtal Paran an)			
6 Èske ou te resevwa enfòmasyon konsènan fason ou ka travay avèk pwofesè yo pou ede pitit ou amelyore siksè ak akonplisman li?			
7 Èske ou te patisipe nan youn oubyen plizyè reyinyon, fòmasyon, oubyen evènman sou fason pou ede pitit ou ak lekòl?			
8 Èske w santi direktè ak administratè lekòl la te dispoze pou kominike avèk ou?			
9 Èske w santi anplwaye lekòl la te dispoze pou kominike avèk ou?			
10 Èske w santi pwofesè nan lekòl la te dispoze pou kominike avèk ou?			
11 Èske ou santi lekòl pitit ou a valorize sijesyon ak opinyon ou?			
12 Èske lekòl pitit ou a ba ou enfòmasyon ki fasil pou w li e konprann nan yon lang ou pale?			
13 Èske w konnen kijan pou w kontakte pwofesè pitit ou?			
14 Èske te gen entèprèt ki disponib oubyen èske yo te fè akomodasyon pou bezwen espesyal ou genyen pou ede w nan aktivite/reyinyon lekòl pitit ou a oswa Divizyon Pwogram Sipò Elèv ak Fanmi òganize, si nesèsè?			
15 Èske w mande pou aktivite, reyinyon, e/oubyen materyèl espesifik nan lekòl pitit ou?			
16 Èske w santi gen yon moun nan lekòl la ki disponib pou eksplike ou poukisa aktivite yo, reyinyon yo, e/oubyen materyèl yo te nesèsè oubyen pa t nesèsè?			
17 Èske ou te patisipe nan Reyinyon pou Paran Konsènan Benefis Pwogram Anyèl Title I, lekòl pitit ou a òganize, oswa nan nenpòt reyinyon kote yo te diskite objektif ak aktivite Pwogram Title I ansanm ak Plan Title I			

**2024-2025 LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY (M-DCPS)
TITLE I PARAN/FANMI ANGAJMAN SONDAJ**

Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Distri ak nivo Lekòl (PFEP) (PFEP)?			
18 Si ou te mande sa, èske yo te ba ou dokiman “Title I District-level and School-level PFEP”, (PFEP Title I nan nivo Distri e nan nivo Lekòl) nan yon lang ou konprann?			
19 Èske ou te konnen ou ka patisipe nan devlopman e revizyon “Title I District-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)” (PFEP Title I pou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Distri a), PFEP nan nivo Lekòl ak Akò Lekòl-Paran Title I pou pitit ou a?			
20 Dapre ou menm, ki baryè/oubyen obstak ki te anpeche w pran plis angajman kòm paran? (tcheke tout sa ki aplike)			
<input type="checkbox"/> Baryè Langaj	<input type="checkbox"/> Transpò	<input type="checkbox"/> Gadri timoun	
<input type="checkbox"/> Lè /dat Reyinyon/Atelye yo	<input type="checkbox"/> Entèpretasyon/Akomodasyon pou Bezwen Espesyal	<input type="checkbox"/> Lòt (silvoupplè espesifye): _____ _____ _____	
21 Nan lis ki anba a, silvoupplè idantifye tout sijè ou ta renmen resevwa plis enfòmasyon oubyen gid sou yo (tcheke tout sa ki aplike) :			
<input type="checkbox"/> Pwogram ‘Title I’	<input type="checkbox"/> Ki jan pou Mwen Jwenn Resous	<input type="checkbox"/> Pòtal Paran an	<input type="checkbox"/> Egzijans pou Gradye nan Lekòl
<input type="checkbox"/> “Parent Resource Center (PRC)” (Sant Resous pou Paran)	<input type="checkbox"/> Estanda ak Egzamen Eta a	<input type="checkbox"/> Sèvis pou Elèv ki Gen Bezwen Espesyal	<input type="checkbox"/> Kondisyon pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè
<input type="checkbox"/> Inisyativ ‘Chess2Think’ nan Lekòl Title I	<input type="checkbox"/> Pwojè ‘UP-START’	<input type="checkbox"/> Pwogram Title I Edikasyon pou Migran	<input type="checkbox"/> Pwogram Title I ki neglije, delenkan ak ki an risk
<input type="checkbox"/> Title I Distri Konsèy Konsiltatif (Title I District Advisory Council, DAC)/Title I Konsèy Konsiltatif Paran (Title I Parent Advisory Council, PAC)	<input type="checkbox"/> Pwogram, VPK nan Lekòl Title I	<input type="checkbox"/> Sante Mantal	<input type="checkbox"/> Travay avèk Pitit Mwen Lakay
22 Silvoupplè bay kèk sikjesyon pou ede nou sou kijan nou ka pi byen angaje paran ak fanmi nan aplikasyon sèvis anyèl Title I Pati A, ak fason pou remànje aktivite avèk efikasite nan (PFEP Title I pou Angajman Paran ak Fanmi nan nivo Distri a), ak Akò Lekòl-Paran Title I pou ane lekòl ki ap vini an.			

